

IMPLEMENTASI NILAI-NILAI ETIKA MINANGKA SOLUSI DEKADENSI MORAL GENERASI MUDA
PERSPEKTIF *SERAT SRUTI*Achmad Daulah Rahmatullah^{1*}, Latif Nur Hasan²Program Studi Bahasa Jawa, Fakultas Bahasa dan Sastra, Universitas Negeri Surabaya, Kota
Surabaya, Indonesiaachmaddaulah.18078@mhs.unesa.ac.id^{1*}, latifhasan@unesa.ac.id²

Abstrak

Fenomena anjloke akhlak lan budi pekerti ing kalangan bocah enom saiki dadi tantangan gedhe kanggo mbangun watak bangsa. Panaliten iki nduweni tujuan kanggo ngulik nilai-nilai etika sing ana ing *Serat Sruti* minangka dhasar alternatif kanggo ngadhepi krisis moral generasi enom. Kanthi pendekatan kualitatif deskriptif lan kajian pustaka marang teks *Serat Sruti*, panaliten iki ngetokake nilai-nilai utama kaya kejujuran, tanggung jawab, tata krama, lan spiritualitas sing bisa dadi landhesan penting kanggo mbentuk watak. Asile nuduhake yen ajaran *etika* sing ana ing *Serat Sruti* isih banget cocok yen digabungake karo sistem pendidikan karakter jaman saiki. Pangembangan nilai-nilai iki diarep-arep isa dadi solusi jangka panjang kanggo ngadhepi dekadensi moral, kanthi pendekatan budaya lokal sing luwih nyambung karo kahanan saiki. Panaliten iki negesi perlune nguripake maneh nilai-nilai tradisional minangka bagéan saka strategi pendidikan nasional. *Serat Sruti Jawa* kuwi salah siji naskah klasik nganggo basa Jawa sing kebak piwulang *etika* lan ajaran moral saka jaman mbiyen nganti saiki. Ing jaman saiki, apamaneh ing tengah gempuran globalisasi lan teknologi sing cepet banget, bocah-bocah enom ngadhepi tantangan moral sing abot banget, kalebu owah-owahan sikap lan perilaku sing ora cocog karo ajaran luhur bangsa.

Kata kunci: Etika, Dekadensi Moral, Generasi Enom, *Serat Sruti Jawa*, Pendidikan Karakter.

Abstract

The phenomenon of moral decadence among the younger generation poses a serious challenge to national character development. This study aims to examine the ethical values found in Serat Sruti Jawa as an alternative foundation for addressing the moral crisis faced by today's youth. Using a descriptive qualitative approach and literature review of the Serat Sruti text, this research identifies core values such as honesty, responsibility, politeness, and spirituality as essential principles for character formation. The analysis reveals that the ethical teachings of Serat Sruti remain highly relevant when integrated into today's character education system. The implementation of these values is expected to offer a sustainable solution to moral decline through a culturally contextual approach rooted in local wisdom. This study highlights the importance of

Article History

Received: Juli 2025

Reviewed: Juli 2025

Published: Agustus
2025Plagiarism Checker No
234Prefix DOI : Prefix DOI :
10.8734/Sindoro.v1i2.365

Copyright : Author

Publish by : Sindoro



This work is licensed
under a [Creative
Commons Attribution-
NonCommercial 4.0
International License](https://creativecommons.org/licenses/by-nc/4.0/)

revitalizing traditional values as part of a national education strategy.

Keywords: *Ethics, Moral Decadence, Young Generation, Serat Sruti Jawa, Character Education.*

PENDAHULUAN

Krisis moral sing nyerang bocah enom saiki dadi masalah gedhe kanggo mbangun watak lan jati dhiri bangsa. Akeh kedadean kaya perundungan (bullying), kurang ajine anak marang wong tuwa lan guru, nganti tumindak konsumtif, intoleransi, lan salah gunane teknologi, iku kabeh dadi tandha menawa nilai-nilai *etika* saya ngedhun ing kalangan generasi enom. Owah-owahan iki ora mung bahaya kanggo perkembangan pribadine bocah-bocah enom, nanging uga ngancam masa depan urip sosial lan budaya bangsa.

Salah siji sabab utama saka krisis iki yaiku kurangé penanaman nilai-nilai luhur ing sistem pendhidhikan, loro-lorone, ing lingkungan formal lan non-formal. Jaman globalisasi saiki nggawa nilai-nilai anyar sing asring ora cocog karo kabudayan lokal, ditambah maneh budaya populer sing sifaté cepet, gampang, nanging dangkal. Akibaté, generasi enom dadi bingung ngadepi perubahan lan ilang pegangan moral uga identitas budaya. Program pendhidhikan karakter sing wis dicanangke sak iki, isih cenderung teoretis lan durung ngupaya pendekatan adhedhasar sejarah lan budaya lokal. Dadi, penguatan pendidikan karakter perlu nggoleki sumber nilai lokal sing wis kabukten mbentuk peradaban luhur, salah sijiné saka karya sastra klasik Jawa.

Sawijining panaliten sadurungé wis negeske yèn karya-karya sastra klasik Jawa ngemot piwulang *etika* lan spiritual sing isih cocog kanggo ngatasi persoalan moral jaman saiki. Wibowo (2018), contoné, ngulas *Serat Kalatidha* sing nyritakaké krisis *etika* ing jaman owah-owahan lan penting kearifan batin. Suryani (2020) uga nyorot pendidikan spiritual ing *Serat Centhini*, sing maringi piwulang keimanan lan keteladanan. Dene Dewi (2022) mratelakake *Serat Wedhatama* minangka sumber moralitas bangsa, amarga isiné ajaran *etika* sing alus lan ngemot makna jero. Hidayat (2021) nuliske yèn *Serat Darmawukita* ngandhut ajaran tanggung jawab lan rasa hormat, sing cocok kanggo nguatake moral bocah enom.

Nanging, nganti saiki durung akèh panaliten sing mbahas secara khusus potensi *Serat Sruti Jarwa* minangka sumber *etika* lan karakter kanggo pendidikan jaman saiki. Padahal, *Serat Srut Jarwai* ngandhut piwulang urip bab kesederhanaan, kejujuran, keteguhan ati, lan keseimbangan hubungan antarane manungsa, alam, lan Gusti Allah. Nilai-nilai kuwi ora mung penting ing jaman biyèn, nanging isih relevan banget yen digabung karo pendidikan karakter berbasis budaya lokal.

Panaliten iki nduweni ciri khas dhewe yen dibandhingaké karo panaliten sadurungé. Wibowo (2018) ngrembug *Serat Kalatidha* saka sudut pandang filsafat sosial, nanging durung ngarahke marang solusi praktis kanggo moral bocah enom. Suryani (2020) fokus marang spiritualitas ing *Serat Centhini*, nanging ora nyorot nilai sosial praktis sing bisa langsung diterapké ing urip remaja. Dewi (2022) pancen nyambungké *Serat Wedhatama* karo pendidikan karakter, nanging isih umum lan durung fokus marang dekadensi moral. Hidayat (2021) memang nuliske karakter kaya tanggung jawab lan rasa hormat saka *Serat Darmawukita*, nanging isih sebatas identifikasi tanpa langkah-langkah nyata implementasi.

Kanthe latar kahanan kuwi, panaliten iki ngarahake fokus kanggo ngupaya solusi konkret saka dekadensi moral generasi enom liwat nilai-nilai *etika* saka *Serat Sruti Jarwa*. Ora mung mung ngenali piwulang *etika*, nanging uga nyoba nerjemahaké nilai-nilai kuwi menyang praktik pendhidhikan karakter ing jaman saiki. Iki maringi kontribusi anyar amarga nduweni pendekatan sing kontekstual, praktis, lan bisa diterapké langsung ing pendidikan lan masyarakat saiki.

Saka kuwi, panaliten iki nduweni tujuan kanggo ngulik nilai-nilai *etika* ing *Serat Sruti Jarwa* lan ngetung sepira relevansiné kanggo ngatasi dekadensi moral generasi enom. Rumusan masalahé yaiku: *Kepriye nilai-nilai etika ing Serat Sruti Jawa bisa dianggo dhasar pendidikan karakter kanggo generasi enom jaman saiki sing selaras karo tujuan lan nilai-nilai utama ing program Penguatan Pendidikan Karakter (PPK)?*

Tujuan panaliten iki, yaiku: (1) ngenali ajaran *etika* ing *Serat Sruti Jawa* sing sesuai program PPK, lan (2) ngerumuske strategi implementasine miturut program PPK. Kanthe mangkono, panaliten iki diarep-arep bisa nambah literatur pendidikan karakter berbasis kearifan lokal lan dadi kontribusi nyata kanggo nguripaké nilai luhur bangsa liwat jalur budaya.

METODE

Panaliten iki nganggo pendekatan *kualitatif deskriptif* sing fokus marang analisis isi (*content analysis*) saka teks *Serat Sruti Jawa*. Pendekatan iki dipilih amarga cocog kanggo ngulik makna-makna simbolik lan nilai-nilai moral sing ana ing teks sastra klasik. Kanthe pendekatan kualitatif, panaliten iki ora ngarahke kanggo ngukur kanthe cara kuantitatif, nanging luwih kepingin mangerteni kanthe jero ajaran-ajaran *etika* sing ana ing *Serat Sruti Jawa*, sarta relevansiné minangka solusi kanggo ngadhepi dekadensi moral generasi enom jaman saiki.

HASIL DAN PEMBAHASAN

Saka asil panaliten lan panelaahan kanthe metode kualitatif deskriptif marang *Serat Sruti Jarwa* karya K.P.A. Santakusuma, kapratelakake manawa karya iki minangka salah siji warisan sastra Jawa klasik kang sugih piwulang luhur babagan *etika* lan budi pekerti, sing isih banget relevan kanggo ngadhepi tantangan dekadensi moral generasi enom jaman saiki. Ing jero naskah iki, piwulang-piwulang kasebut ora mung diwulangake kanthe unen-unen puitis nanging uga kanthe tuladha urip nyata sing nyentuh dimensi lahir lan batin, ngarahake manungsa supaya urip kanthe ati resik, ora gampang nyalahké liyan, nrima ing pandum, lan luwih milih kesederhanaan kang maknani tinimbang kemewahan sing ora ana guna. Kanthe cara iki, *Serat Sruti Jarwa* ora mung dadi karya sastra, nanging uga minangka teks moral-spiritual sing ngemot pandhuan konkret kanggo mbentuk karakter generasi enom sing ajeg lan bermartabat.

Nilai-nilai *etika* kang kapacak ing *Serat Sruti Jarwa* ngemu sipat universal lan ora mung winates ing masyarakat Jawa, nanging bisa ditrapake ing konteks pendidikan karakter nasional. Panaliten iki nemokake ana limang inti nilai utama sing nyambung karo tujuan *Profil Pelajar Pancasila* lan program Penguatan Pendidikan Karakter (PPK), yaiku nilai religius, nasionalis, gotong royong, integritas, lan mandiri. Saben nilai kasebut digambarake kanthe alus nanging tegas ing saben bait, menehi landhesan filosofis lan moral sing kuwat kanggo generasi saiki.

Nilai religius katon cetha saka piwulang kasucèn ati lan laku bener kang konsisten, kaya pepindhan pandhita sing diibaratake kayu cendhana, meskipun disiksa lan dipukul tetep mbales nganggo ambu wangi. Piwulang iki ngemu makna yèn wong sing resik batiné bakal tetep ngluwahi tantangan urip kanthe welas asih lan ora dendam. Ing kaca 4 pada kaping 4, diterangake manawa kasampurnan batin bakal ngilangake rasa gumunggung lan kapentingan pribadi, nggiring

manungsa marang kesadaran sejati babagan tujuan urip. Nilai iki penting banget kanggo generasi enom sing saiki kerep keseret hawa nepsu lan pragmatisme materialistis, supaya eling yèn kekuwatan sejati ana ing ati sing resik lan kesadaran spiritual kang jero.

Nilai nasionalis ing *Serat Sruti Jarwa* ora mung dimaknai minangka rasa cinta marang tanah air, nanging luwih jero yaiku tanggung jawab kanggo nguri-uri budaya, nglestarekake unggah-ungguh, lan mulang rakyat kabecikan (kaca 17). Ajaran iki uga nyorot pentingé pemimpin sing adil lan welas asih, sing bisa dadi tuladha nyata kanggo rakyaté (kaca 32). Nasionalisme sing digambarake ing serat iki dudu slogan, nanging laku urip sing diwiwiti saka kesadaran batin lan diwujudake ing tumindak saben dina, kalebu keteguhan ngadhepi tantangan lan ora gampang nyerah nalika perjuangan (kaca 31).

Nilai gotong royong dipratelakake minangka landhesan kabecikan sosial sing adhedhasar tepa slira, rasa senasib-sepenanggungan, lan ketulusan sajroning bebrayan. Ing kaca 32 lan 34, ditegaskan manawa kerukunan mung bisa lestari yen saben wong gelem kerjasama kanthi tulus tanpa pamrih. Kutipan kaca 42 lan 43 nerangake manawa kerja bareng kudu adhedhasar pangerten lan kesadaran, ora mung manut tanpa ngerti tujuan, amarga gotong royong sejati mung bisa kelakon yen ana kesadaran tanggung jawab bebarengan. Nilai iki selaras karo prinsip kolaborasi ing pendidikan abad 21 sing kalebu unsur 4C (*Critical thinking, Communication, Collaboration, Creativity*).

Nilai integritas ing serat iki diwujudake liwat piwulang jujur, setya, lan ora gumantung marang bandha donya, nanging luwih ngugemi laku bener, sopan santun, lan tekad kanggo tetep ana ing jalur kang lurus. Ing kaca 47 lan 49, dijlentrehake manawa integritas kudu dipelihara kanthi ketekunan, kesabaran, lan waspada marang cobaan sing bisa nyeret manungsa marang tumindak ala. Serat iki uga maringi pepeling bilih yen integritas ilang, manungsa bakal gampang lali marang kewajiban moral lan keseret hawa nepsu.

Nilai mandiri digambarake minangka kemampuan ngatur urip dhewe kanthi disiplin, tekad, lan keberanian moral. Kemandirian ora mung saka segi materi nanging uga spiritual, digambarke liwat laku brata, tirakat, lan upaya konsisten kanggo nggayuh kawicaksanan batin (kaca 66, 70, 77). Ing kaca 80, ditegaskan manawa wong sing mandiri kudu nduweni visi jembar lan kontribusi nyata kanggo kabecikan masyarakat, ora mung mikir kepentingan pribadi.

Strategi implementasi nilai-nilai iki miturut PPK bisa lumantar telung jalur utama. Sepisan, integrasi kurikulum berbasis kearifan lokal, yaiku nyelipake piwulang-piwulang *Serat Sruti Jarwa* ing pelajaran Bahasa Jawa, PPKn, lan Seni Budaya, kanthi diskusi makna filosofis lan relevansi modern. Kapindho, pembangunan budaya sekolah sing ngemot praktik langsung nilai-nilai kasebut, kayata kerja bakti, proyek sosial, penegakan integritas liwat ujian jujur, lan penghargaan kanggo siswa berprestasi kanthi karakter unggul. Katelu, pendekatan kontekstual sing nyambungake ajaran serat karo kahanan nyata siswa, kalebu pemanfaatan teknologi pendidikan kaya video, podcast, lan aplikasi interaktif kanggo nggandhengake kearifan lokal karo metode pembelajaran modern.

Kanthi pendekatan kasebut, *Serat Sruti Jarwa* ora mung lestari minangka pusaka budaya, nanging uga bisa dadi sumber ajaran karakter sing kontekstual, lestari, lan adaptif marang tantangan global. Generasi enom sing sinau saka ajaran iki diarepake bisa njaga integritas, nduweni rasa kebangsaan, disiplin, tepa slira, lan kesadaran spiritual, saengga siap mbangun masa depan bangsa kanthi watak luhur sing ora gampang luntur dening arus globalisasi lan dekadensi moral.

SIMPULAN

Saka panaliten lan panelaahan ing Serat Sruti Jarwa, bisa dipetani yèn teks iki ngandhut nilai-nilai etika kang jero lan luhur. Nilai religius, nasionalis, gotong royong, integritas, lan mandiri ora mung kapacak minangka ajaran, nanging dadi napas ing saben ukara lan bait sing ditulis. Ajaran moral ing serat iki nuduhaké manawa budaya Jawa wis suwe ngugemi laku becik minangka bagian saka kabudayan lan spiritualitas urip.

Nilai-nilai kasebut selaras karo program Penguatan Pendidikan Karakter (PPK) saka Kemendikbudristek. Serat Sruti Jarwa bisa dadi alternatif sumber ajaran karakter sing ora mung nguataké rasa tresna marang budaya dhewe, nanging uga ndadèkaké peserta didik luwih mangertèni makna urip kanthi laku nyata. Teks sastra tradisional iki kudu dianggep penting lan bisa ditrapaké minangka bahan ajar kontekstual ing lembaga pendidikan.

Ing jaman globalisasi lan era digital saiki, nilai-nilai luhur kang ana ing Sruti Jarwa isih duwé relevansi gedhé. Kepribadian kang mandiri, jujur, disiplin, lan semangat gotong royong iku ora mung kabutuhan batin, nanging uga kekuwatan sosial kang kudu digedhèkaké. Mula, nglestarekaké ajaran lokal kanthi semangat modern dadi salah siji wujud ngadhepi tantangan jaman tanpa kelangan identitas bangsa.

Saka asil panaliten iki, bisa didudut yèn Serat Sruti Jarwa kuwat banget kontribusiné tumrap pembangunan karakter bangsa. Nanging sayangé, isih akèh generasi enom kang durung kenal karo karya iki. Mula saka panaliten iki yaiku perlune integrasi karya-karya sastra lokal menyang kurikulum formal, kajaba kuwi uga digelar pelatihan kanggo guru supaya bisa ngolah materi-materi lokal dadi bahan ajar karakter kang nyenengké lan trep. Mbangun karakter bangsa ora bisa mung karo teori, nanging kudu adhedhasar laku lan budaya urip, kaya kang kapacak ing Sruti Jarwa.

REFERENSI

- Dewi, R. N. (2022). *Peran Serat Wedhatama dalam Pembentukan Moralitas Anak Bangsa*. Surakarta: Universitas Sebelas Maret.
- Hidayat, M. (2021). *Nilai-Nilai Pendidikan Karakter dalam Serat Darmawukita*. Yogyakarta: UIN Sunan Kalijaga.
- Kemdikbud. (2017). *Penguatan Pendidikan Karakter sebagai Pilar Utama Revolusi Mental*. Jakarta: Kementerian Pendidikan dan Kebudayaan Republik Indonesia.
- Moleong, L. J. (2018). *Metodologi Penelitian Kualitatif* (Edisi revisi). Bandung: PT Remaja Rosdakarya.
- Nugroho, R. (2012). *Pendidikan Karakter Berbasis Kearifan Lokal*. Yogyakarta: Ar-Ruzz Media.
- Suryani, L. (2020). *Pendidikan Spiritual dalam Serat Centhini: Kajian Nilai-Nilai Pendidikan Karakter*. Bandung: CV Media Cendekia.
- Tilaar, H. A. R. (2002). *Pendidikan, Kebudayaan, dan Masyarakat Madani Indonesia*. Bandung: Remaja Rosdakarya.
- Wibowo, D. (2018). *Etika Krisis Zaman dalam Serat Kalatidha: Telaah Hermeneutik*. Jakarta: Pustaka Sastra Nusantara.
- Zubaedi. (2011). *Desain Pendidikan Karakter: Konsepsi dan Aplikasinya dalam Lembaga Pendidikan*. Jakarta: Kencana Prenada Media.